# Sol kúnlerdi eslep

Image not found or type unknown

Aylar ótti, jıllar ótti...

Bıraq sol kúnleri ata-babalarımız Watanımızdı qorǵaw, urpaqları ashıq aspanda, tınısh mákánda jasawı ushın óziniń ómirin ayamastan, Ullı watandarlıq urısıqa qatnasqan. Bul urısta qanshadan qansha jerleslerimiz sawash maydanında jan bergen, dushpanlar qolına tutqınǵa túsken, qanshaları mayıp bolıp qaytqan. Olardıń keship ótken urıs kúnlerin kóz-jassız tıńlamaw múmkin emes.

Elimizde 9-may kúni «Eslew hám qádirlew kúni» etip belgilengen. Bul kún hár birimiz ata-babalarımızdı eslep, ziyyaratlaymız. Urıs qatnasıwshılarınan xabar alamız. Bıraq bizler tek ǵana usı kúni emes, al hár kúni, hár aydın aspanımızdı kórgenimizde olarǵa sheksiz minnetdarshılıǵımızdı bildiriwimiz kerek. Sebebi sol insanlardıń qaharmanlıqları, erlik isleri sebep biz búgin paraxat turmısta erkin jasap, bilim ilim alıp atırmız.

**QMU Qaraqalpaq filologiyası hám jurnalistika fakulteti,**
**Málimleme xızmeti bólimi 1-kurs studenti N.Userbaeva**